«мен»гача» деб номланган иккита китобига кирган мушоҳодалар адибнинг бадиий-эстетик қарашларини намоён қилиши билан аҳамиятлидир [7].

Бу китобларда айнан бизнинг тадқиқотимиз учун дунё ва миллий адабиёт, адабий жараёнлар, оқимлар, фалсафий-эстетик қарашлар, жаҳон адабиётида воқеа бўлган асарларнинг талқини, поэтикасига дахлдор зарур ва қимматли фикрлар борки, бу мулоҳозалар адибнинг ижодий-бадиий концепциясини, асарларининг мазмун-моҳиятини тушунишда яқиндан ёрдам беради. Айнан шу китоблардаги мақолалардан маълум бўладики, Назар Эшонқул ижодининг дастлабки босқичида унинг асарларида Ғарб адабий-фалсафий қарашлари таъсири баланд бўлган.

Адабиётшунос олим Йўлдош Солижонов ўзининг «Мўъжизалар сеҳри» китобидаги «Жавоб излаётган одамлар» мақоласида Назар Эшонқулов ижодида ҳам, бадиий-эстетик қарашларида ҳам Ғарб адабиёти ва эстетик қарашлари устуворлик қилишини ва ўзбек адабиётига Ғарб адабиёти анъаналарини олиб кираётгани [8] таъкидланади. «Ғарб адабиётига хос «онг оқими» йўналишида ижод қилувчи адиблар инсон қалбида юз берадиган зиддиятли ҳолатларни бутун мураккаблиги, эврилишлари билан ўзини-ўзи тадқиқ қилиш учун баён йўналишини қаҳрамонга топширади. Бунда бадиий нутқнинг муҳим шаклларидан бири — ички монолог асосий ўрин тутади.

Назар Эшонқул ҳам ижодида асосан шу йўлдан бормоқда. Бироқ у ифодалаётган воқеаси, қаҳрамонлари ўзбек эканлигини унутмайди...»

Шу маънода миллий адабиётимиздаги шаклан ва мазмунан изланишлар мутлақо янги услубий ёндашувларнинг юзага келиши ва жаҳон адабиётига уйғунлашувига туртки бўлди. Бунда эса ифоданинг янгиланиши ва мифологизмнинг асар поэтикасига сингиб кетиши адиб асарлари таъсири ва моҳиятининг янада кучайишига таъсир кўрсатиб, ўқувчини кенгроқ мушоҳодага ундашга хизмат қилмоқда.

### Адабиётлар


1. Холбеков М. Жаҳон адабиётида умуминсоний тамойиллар. /"Ўзбекистон адабиёти ва санъати". -Тошкент: 2010, № 44, 3-б.
2. Қаранг: Вальтер Беньямин. Франц Кафка; Макс Брод. Франц Кафка. Узник абсолюта; Хорхе Луис Борхес. Кафка и его предшественники; Альбер Камю. Надежда и абсурд в творчестве Франца Кафки; Юрий Манн. Встреча в лабиринте (Франц Кафка и Николай Гоголь); Невозможность быть Кафкой; Синтия Озик. Невозможность быть Кафкой; Жорж Батай. Кафка.
3. Холбеков М. XX аср модерн адабиёти манзаралари. -Тошкент: 2013, 16-б.
4. Назар Эшонқул. Хотира ва келажак хавотири. // Маънавий ҳаёт. -Тошкент: 2018, № 4, 295, 298-358-б.
5. Барт Р. Мифологии. -М.: Издательство имени Сабашниковых, 2004. -С. 233-286.
6. Хорхе Луис Борхес. Сочинения в трёх томах. -М.: «Полярис», 1994.
7. Назар Эшонқул. «Мендан «мен»гача. -Т.: Академнашр, 2014, «Ижод фалсафаси – «Мендан «мен» гача-2». -Т.: Академнашр, 2018.
8. Солижонов Й. Мўъжизалар сеҳри. -Т.: "Адиб", 2013, 49-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада дунё адабиётининг наср жанридаги турли анъана ва услубларнинг ўзбек миллий адабиёти (насри) тараққиётига таъсири кенг таҳлил этилган. Унда XX аср жаҳон адабиётида етакчи ўрин эгаллаган мифологик ёндашув ва мифопоэтик образ ҳамда талқинларнинг миллий адабиётга сингиши ёзувчи Назар Эшонқул асарлари мисолида исботланган.

**РЕЗЮМЕ**

В этой статье анализируется влияние мировой литературы на различные традиции и стили в узбекской национальной литературе (прозе). Мифопоэтический образ и мифологический подход, занимающие ведущее место в мировой литературе XX века, а также освоение трактовок национальной литературой доказаны на основе произведений писателя Назара Эшонкула.

**SUMMARY**

The article analyses the impact of various traditions and styles in the prosaic genre of world literature on the development of Uzbek national literature (prose). Based on the works of the writer Nazar Eshonkul it proves the absorption of leading mythological approaches, mythopoetic images and interpretations in the world literature of the 20th century into the national literature.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ГҮРРИҢИНДЕ ХРОНИКАЛЫҚ СЮЖЕТ ҲӘМ АВТОРЛЫҚ ШЕБЕРЛИК МӘСЕЛЕСИ


**З.К.Ктайбекова –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: ҳикоя, сюжет, хроник сюжет, қаҳрамон, характер, бадиий образ, бадиий ҳақиқат.

**Ключевые слова:** рассказ, сюжет, хроникальный сюжет, герой, характер, художественный образ, художественная правда.

**Key words**: story, plot, chronical plot, hero, character, creative image, artistic truth.


1990-жылларға келип қаракалпақ гүрриңлер жаңаша идеялық-тематикалық бағдарда раўажлана баслады. Ғәрезсизлик дәўири идеологиясы жазыўшыларымыздан жаңаша пикирлеўди, турмыс ҳақыйқатлығын демократиялық принциплерге сай, қалыс түрде сүўретлеўди талап етти. Авторларымыз ўақыя-ҳәдийселерди бир тәреплеме, коммунистлик идеология принциплери көзқарасынан сүўретлеўден бас тартып, миллий қәдириятлар, улыўма инсаныйлық ҳәм гуманистлик идеялар негизинде шығармалар дөрете баслады. Бул өз гезегинде, жазыўшыларымыздан жаңаша жанрлық ҳәм көркемлик изленислерди, жаңаша поэтикалық шеберлик үлгилерин талап етти. Бул изленислер, әсиресе, гүрриң жанрында айқын көзге таслана баслады. Өйткени, бул жанр қысқалығы, ықшамлығы, оперативлиги менен басқа эпикалық жанрлардан айырылып турады. Биз мақаламызда 1980-жыллардың екинши ярымы ҳәм 1990-жыллардағы қарақалпақ гүрриңи поэтикасында хроникалық сюжеттиң тутқан орны ҳәм оның көркемлик хызмети мәселесин арнаўлы түрде изертлеўди мақул көрдик. Изертлеў объекти сыпатында Ә.Атажанов, Ө.Ембергенов ҳәм т.басқалардың айырым гүрриңлери таңлап алынды.

Жазыўшыларымыз гүрриң жанры арқалы күнниң актуаль мәселелерине жуўап бериўге умтылды. Нәтийжеде, авторларымыз гүрриң сюжетин жаңаша қурыўға, усы арқалы дәўирдиң актуаль машқалаларын көтерип шығыўға умтыла баслады. Олар усы мақсетте сюжеттиң хроникалық ҳәм концентрлик түрлерин өнимли түрде ислете баслады. «Хроникалық сюжетте ўақыялар арасындағы ўақыттың бир-бирине қатнасы (А ўақыя жүз бергеннен соң ғана Б ўақыя жүз береди) жетекшилик қылса, концентрик сюжет ўақыялары арасында себеп-нәтийже мүнәсибети (А ўақыя жүз бергени ушын ғана Б ўақыя жүз береди) жетекшилик етеди. Хроникалық сюжет,бир жағынан, турмысты эпикалық

көлемде сүўретлеў, екинши жағынан, қаҳарман тәғдирин дәўир бойынша избе-изликте, характерин раўажланыў процессинде көрсетиў ушын қолайлы болып табылады»[4:289-290].

Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ гүрриңшилигинде хроникалық сюжет түри басым орынды ийелейтуғынлығын абайлаўға болады. Бул, бир жағынан, жазыўшыларымыздың тәжирийбесиниң аз екенлиги себепли концентрлик сюжет типи олар ушын белгили дәрежеде қыйыншылықлар туўдыратуғынлығын аңлатса, екиншиден, авторларымыз миллий-эпикалық дәстүрлеримизге тийкарланған дәстүрий сюжетке киретуғын хроникалық сюжет типин дүзиўге үлкен мүмкиншиликлер туўдыратуғынлығы менен байланыслы болса керек. Деген менен, авторларымыз ғәрезсизлик дәўири талабына жуўап бериў ушын сюжеттиң ҳәм хроникалық, ҳәм концентрлик типлерин теңнен пайдаланыўға умтылмақта. Бул олардың тынымсыз изленип атырғанынан дәрек береди. Усының арқасында гүрриң жанры поэтикасында сезилерли өзгерислер жүзеге келе баслады.

1990-жылларға келип прозамызда мемуарлық, автобиографиялық сыпатқа ийе гүрриңлер елеўли орынды ийелей баслады. Бул бағдардағы гүрриңлердиң тийкарынан хроникалық сюжетке қурылатуғынлығы белгили. Өйткени, бундай гүрриңлерде бурыннан киятырған дәстүрий сюжет сақланады. Оларда ўақыялардың избе-из баянланыўына қатаң түрде әмел қылынады. Буған миллий гүрриң жанрымыздың сағасында турған Н.Дәўқараев, Ж.Аймурзаев, К.Султанов, И.Юсуповлардың гүрриңлери мысал бола алады.

Көркем шығарма ушын сюжеттиң қандай типин таңлаў жазыўшының дөретиўшилик нийети менен тығыз байланыслы. Бунда, ең баслысы, жазыўшының излениўшилиги, шеберлиги, ўақыя ҳәм ҳәдийселерди баянлаўдағы ықшамлығы, сөзлерди қысқа,образлы эмоционал-экспрессив көзқарастан тәсиршең формада қолланыўы тийкарғы орынды ийелейди.Усы көзқарастан Г.Есемуратованың «Әңгимеден әңгиме туўылып…», «Өткен иске өкинбе, деген менен…», «Бахытлы бола аларма екенмен?!», «Сол Таня қайда екен?», А.Халмуратовтың «Ҳәсен», П.Айтмуратовтың «Туўылған жер», С.Жумағуловтың «Бир қысым топырақ», Ө.Ембергеновтың «Бир түйир дуз», «Палўанлар», «Отын көмек», Ә.Атажановтың «Ай сығалайды», «Кийиклер», Ғ.Сейтназаровтың «Жалғыз атлы», А.Әбдиевтиң «Несийбе» атлы гүрриңлери хроникалық сюжет типине сай түрде дөретилгенлиги дыққатқа ылайық.

Ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ гүрриңлеринде хроникалық сюжеттиң өнимли түрде қолланыўы қаҳарманлардың ис-ҳәрекетлерин, қыймылқозғалысларын деталластырып сүўретлеўге деген авторларымыздың умтылыслары менен байланыслы болса керек. Гүрриңдеги баянлаўшы субъекти ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң барлық тәреплерин тексерип көриўге қызығады, персонажлардың ҳәрекетшеңлигине көбирек итибар береди. Сонлықтан ол ўақыяларды майын тамызып, уңқыл-шуңқылына шекем баянлаўға бейим. Жазыўшылар сюжеттиң усы типи бойынша гүрриң дөреткен декомпозициялық қурылысында, мейли, тарийхый ўақыялар болсын, мейли, ҳәзирги заман ўақыялары болсын, ўақыялар арасындағы ўақыттың бир-бирине қатнасына үлкен итибар берип сүўретленгенлигин көремиз. Баянлаўшы тарийхты барынша жетик үйрениў мақсетинде тарийхый дәўир картиналарына, персонажлардың ҳәрекет-қыймылларындағы өзгешеликке тийкарғы дыққатты қаратады. Ал, қаҳарманлардың ишки дебдиўи менен руўхый толғаныслары,жеке адам санасындағы тартыслы мәўритлер сүўретлеўде екинши орынға шығады. Бул нәрсе гүрриң жанры поэтикасында сезилерли өзгерислер келтирип шығарды. Сюжеттиң бул типине сай композициялық қурылыстың дүзилиўи гүрриң жанры көлеминиң де үлкейиўине алып келеди. Лекин, мазмунның тереңлиги оқыўшыны зериктирмейди, ол қызықлы ўақыялардың изинен қуўып, өзи де солардың белгили дәрежедеги қатнасыўшысы болыўға, персонажлар менен бирге ойланып толғаныўға мәжбүр болады. Усы көзқарастан Ә.Атажановтың «Кең пейиллик» гүрриңи дыққатқа ылайық. Бул гүрриң хроникалық сюжет типине сай жазылған. Ўақыялардың гүрриң композициясында избе-из жайластырылыўы көлемниң бирқанша үлкейиўине алып келген. Белгили өзбек әдебиятшысы Х.Досмухаммедов: «…Тийкарынан ықшам жанр деп есапланған гүрриңниң көлеминиң үлкен болыўының мүмкинлигин ҳәзир әдебий процесс дәлиллемекте. Солай екен, гүрриң ушын гүрриңге сыймайтуғын темалар да таңлана басланды. Теманы талқылаўға бейимлилик көлемниң созылыўына алып келди. Сүўретлеўдеги түсиндирмелер толықлығы айырым гүрриңлердиң көлеминиң созылып кетиўи менен бирге оларда сүўретлеўден гөре баянлаўдың көбейиўин келтирип шығарды» [2:62] деп жазады. Расында да, гүрриң жанрын дөретиўши айырым авторларымызда шеберликтиң жетиспеўи шығарма көлеминиң бирқанша созылып кетиўине алып келетуғынлығы сыр емес. Ә.Атажановтың «Кийиклер» гүрриңи туўралы да усыны айтыўға болады. Онда ўақыяларды сүўретлеў бираз созылып кеткен, бирақ усыған қарамастан ол шығарма жүдә қызықлы оқылады, адамды өзине тартып, пүткиллей бийлеп алады. Жазыўшы кийиклердиң образын жасаўда, жәниўарлардың тилсимли дүньясын сүўретлеўде М.Әўезовтың «Көксерек» повестиндеги көкжал қасқырдың, Ш.Айтматовтың «Плаха» романындағы Тасшайнар менен Акбараның көркем образларын жасаў барысындағы аты аталған атақлы жазыўшылардың тәжирийбелеринен дөретиўшилик пенен үйренгенин көриўге болады. Демек, гүрриң жанрын жетилистириўге деген Ә.Атажановтың бул умтылысын қоллап-қуўатлаўға болады. «Қаналасларын изине ертип, ҳеш нәрседен тайсалмастан жол баслап киятырған Ата кийик қалай болмасын быйыл жут дарыған майданлықтан қутылып, баспана болатуғын пана жерге жеткенше асығады. Қар қалың жапқан, ҳәлсиз басқалары сыяқлы ҳәзирше ҳалдан таймаған Ата кийик те гейпара жерлерде айшуқырдағы үйинди қарға сүңгип кетеди… көбинесе қар төбелеринен қарғып өтеди. Байғус басқалары да жол баслаўшы секирсе-секиреди, қуласа қулайды… Ақырында Ана кийик алдыңғы жуп туяғын жерге тиреп, әстен-әстен өңменин көтерди, оннан кейин тентиреклеп барып түргелди. Және Ата кийиктиң изинде дизилисип, шубырысып жүрип кетти» [1:210-211].

Кийиклер падасы гүрриңде хроникалық сюжет талапларына сәйкес қызықлы етип сүўретленген. Бунда Ата кийик пенен Ана кийиктиң көркем образлары сулыў тәбият көринислери фонында жүдә исенимли, қызықлы етип жасалған. Әсиресе, олардың өзлерин қорғаў ушын кең далада қуйындай уйытқып, желдей есип шабыў ҳәрекетлерин автор жүдә айқын сүўретлеген. Кийиклердиң бул жанталас ҳәрекетлерине айырым адамлардың жаўызлық ис- ҳәрекетлери контраст қойылып сүўретленген. Олардың аңларды топарластырып атсам, қырып тасласам, деген пасық ойлары гүрриңниң баянлаў қурылысына елеспесиз түрде сиңирилип жиберилген. Демек, гүрриңде хроникалық сюжет типи менен сүўретленген ўақыя ҳәм ҳәдийселер бираз созылып кеткен. Деген менен, гүрриң қызықлы оқылады. Жазыўшы сөзлерден, детальлардан, диалоглардан жүдә жақсы пайдаланыў арқалы ўақыяларды тап бизиң көз алдымызда жүз берип атырғандай етип сүўретлейди. Нәтийжеде жазыўшы оқыўшыны экологияны, гөззал

тәбиятты қорғаў, оның ажыралмас бир бөлеги болған кийиклер падасын асырап-абайлаў керекликги ҳаққындағы ойларға шарлайды.

Қарақалпақ гүрриңшилигинде хроникалық сюжет мемуарлық, автобиографиялық ҳәдийселерди сүўретлеўге қурылған Г.Есемуратованың «Бахытлы бола алар ма екенмен?!», «Сол Таня қайда екен?», А.Халмуратовтың «Ҳәсен», Ө.Ембергеновтың «Бир түйир дуз» [3:60] шығармаларында өнимли ислетилген. «Бир түйир дуз» гүрриңинде сюжетке еки ҳәдийсе негиз етип алынған. Бириншиси әскерий миннетин өтеп, елге аман-есен қайтып киятырған жигитке байланыслы болса, оның екиншиси шофёр жигит пенен байланыслы. Екеўи де бир-бирине басынан өткенлерин әңгиме етип айтып береди. Еки персонаждың сәўбети формасында жазылған бул гүрриң бираз тәсирли шыққан. Жазыўшы еки жигиттиң әңгимеси арқалы баянланған ўақыяларды бир түйир дуз деталы арқалы бирлестирип, улыўма туўылған жер, киндик қаны тамған топырақ, оны қәстерлеў, ҳүрмет етиў, дуз ишкен босағаңды қәдир тутыў идеяларын шебер ҳәм көркем түрде сүўретлеген. «…Аўылда урыстың зардабын көрген жекке баслы ана Гүлбазар ким армияға кетсе, соған бир түйир дуз түйип берип, «илайым, аман-есен келгейсең, балам!» деп ақ пәтия берип жибереди екен. Аўылдағы Қартбай деген жигит армияға кетеринде бул Гүлбазар апаның ақ пәтиясын алмай, бир түйир дузын дуз қабаққа салып жиберип, келеке қылған…

«Адамлар алды тарқап болғанда Гүлбазар апа кирип келди. Төрге шыққан жоқ. Есик бетте отырды.

-Қартбай балам, аман барып, саў кел. Мә, мынаны муқыятлап, белгили бир жериңе салып қой. Ол камзолдың қойын қалтасынан алақандай ақ сүпке түйилген бир түйир затты шығарды.

-Ҳаў, бул не, Гүлбазар апа?-деп Қартбай қолына алып, түймедей түйиншикти шешти. Ишиндеги затты алақаныны салып турып:

-Не екен десем, дуз екен ғой. Пай, Гүлбазар апа-ай, баладайсыз-аў. Дуз деген үйде де тур ғой, бир қабақ толып. Неге кереги бар маған буның?-деп түргелип есик беттеги керегеге илиўли турған дуз қабаққа таслап жиберди. Гүлбазар апаның түри бирден аппақ болып кетти. Шаншыў тийгендей бүрисип, сам-саз болып, ернин тиследи. Дәстурханға қолын созып, наннан аўыз тийди де шығып кетти.» [3:89].

Гүрриңде ананың аппақ кеўли, жақсы тилеги, ақ пәтиясы, ықласы жақсы сүўретленген. Халық данalығында «Дузын ишип, дузлығына түпирме!» деген гәп бар. «Дуз тартып, аман-есен келгейсең!» деген eң жақсы тилек бар. Гүрриңде жазыўшы усындай нәрселерге майда-шүйде деп қарамастан, оларға үлкен ықлас, адамгершилик ҳәм ҳүрмет пенен қараў керек, деген идеяны алға сүреди. Өйткени, бир түйир дуз, бир қысым топырақ түсиниклерлери халқымыздың неше әсирлерден киятырған инанымлары менен байланыслы болып, оларды шығармада шеберлик пенен пайдаланыў персонажлардың өзине тән характерин жасаўға хызмет етеди. Ўақыялар «Бир түйир дуз»да гүрриңши тилинен айтып берилген. Ондағы айырым драматизмге толы көринислер, персонажлардың ишки сезимлери лирикалық шегинис, диалоглар арқалы шебер сүўретленгенин көремиз. Автор бир қысым топырақ, бир түйир дуз деталларын қолланыў арқалы туўған жериңди, елиңди, Ўатаныңды, ақ сүт берген анаңды умытпа, - деген идеяны алға сүреди.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәзирги қарақалпақ гүрриңи баянлаў поэтикасында хроникалық сюжет белгили орын ийелейди. Сюжеттиң бул типи гүрриң жанры көлеминиң бир қанша үлкейиўине, усы арқалы ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң, тәбият көринислериниң, инсанның, ҳәттеки, хайўанлардың да қыймыл-қозғалысларының деталластырылып берилиўине имканият жаратады. Бул, өз гезегинде, көркем образлардың толық ҳәм тәсирли формада жаратылыўына хызмет етеди. Демек, ҳәзирги гүрриң жанры поэтикасын усы бағдарда еле де тереңирек изертлеў бир қанша қунлы илимий-теориялық жуўмақлар ислеўге тийкар болады деп ойлаймыз.

**Әдебиятлар**

1. Атажанов Ә. Машқала. Повесть ҳәм гүрриңлер. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
2. Досмухаммедов Х. Ҳозирги ўзбек ҳикоячилигида бадиий тафаккурнинг янгиланиши. (80-йилларнинг иккинчи ярми ва 90-йилларнинг аввалидаги ҳикоялар мисолида). -Тошкент: 1995. Номзодлик диссертацияси.
3. Ембергенов Ө. Наўрыздың ақша қары. Повестьлер ҳәм гүрриңлер. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
4. Қуронов Д., Мамажанов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. -Тошкент: «Академнашр», 2013.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ҳозирги қорақалпоқ ҳикоячилиги поэтикасидаги хроник сюжетнинг аҳамияти тадқиқ этилган. Муаллиф айрим қорақалпоқ ёзувчиларининг ҳикояларини анализ эта ўтириб аҳамиятли илмий-назарий хулосалар чиқарган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается исследованию хроникального сюжета в поэтике современного каракалпакского рассказа. Автор анализирует некоторые рассказы каракалпакских писателей, и делает важные научно-теоретические выводы.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the chronical plot in the poetics of modern Karakalpak story. The author comes to the important scientific-theoretical conclusions by analyzing some of the stories of Karakalpak writers.

## QODIRIYSHUNOSLIK TARIXIGA BIR NAZAR

**L.D.Reimboyeva** – *magistrant*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so'zlar:** roman, adabiyot, povest, siyosat, mafkura, tarjima, sinfiy pozitsiya, monografiya, maqolalar turkumi, adabiyotshunoslik, ilmiy tadqiqot.

**Ключевые слова:** роман, литература, повесть, политика, идеология, перевод, классовая позиция, монография, сборник статей, литературоведение, научные исследования.

**Key words:** novel, literature, narrative, politics, ideology, translation, class position, monograph, collection series of articles, literary criticism, scientific research.

Adabiyotda shunday san'atkorlar bo'ladiki, ular nafaqat oddiy kitobxonlar, balki, adabiyot ilmi ahli, olimlar qalbidan ham chuqur joy egallaydi. O'lmas asarlarining sehri ularni o'ziga tortib ilmiy tadqiqotlar yuritishga undab turadi. XX asr o'zbek adabiyotining yirik namoyondalardan biri, o'zbek romanchiligining poydevorini qo'ygan Abdulla Qodiriy xuddi mana shunday, ham o'quvchilar ommasining, ham adabiyotshunos tanqidchilarning e'tibori va mehrini qozongan so'z san'atkorlaridan biridir.

A.Qodiriyning hikoya va qissalari, romanlari bilan o'zbek adabiyotida o'ziga xos adabiy maktab yaratgan adib. Yozuvchining o'tgan asrning 20-yillarida yaratgan har bir asari, e'lon qilingan ijod namunalari, nashr qildirgan kitoblari adabiy jarayondagi kashfiyot darajasida qabul qilindi, muxlislar tomonida qiziqish bilan o'qildi. Ayniqsa, muallifning satirik hikoyalari, xususan, "O'tkan kunlar" va "Mehrobdan chayon" romanlarining paydo bo'lishi o'zbek adabiyotini, aytaylik, nasrini bir pag'ona yuksaklikka